



KOMISYON SANTE PIBLIK BOSTON

SEKIRITE MANJE

N AP SWETE OU MENM ANSANM AK FANMI W YON BON SEZON FÈT AN BÒN SANTE!

SEPRE

Lè w ap achte manje, pran vyann, volay, ak fwidmè yo an dènye epi pa mete yo menm kote ak lòt manje ki nan charyo w la ak nan sachè manje yo.

EVITE KONTAMINASYON KWAZE

Jete sòs pou tranpe yo ak lòt sòs ki te gen kontak ak likid ki soti nan vyann kri. Mete vyann kuit nan yon asyèt ki pwòp.



KUIT MANJE

Itilize yon tèmomèt manje pou asire w ke vyann yo byen kuit pou touye tout mikwòb ki ka fè w malad.

Kuit nan tanperati entèn sekirite ki anba yo:

VYANS BÈF / KOCHON / TI MOUTON / JÈN TI BÈF	145°F
PWASON	145°F
VYANN MOULEN	160°F
VOLAY (POUL/KODENN)	165°F

KENBE FRE

Konsève vyann, volay, ak fwidmè yo nan frijidè jiskaske ou pare pou woti yo. Pandan transpò, kenbe yo nan yon tanperati 40 °F oswa pi ba nan yon glasyè izole.

METE NAN FRIJIDÈ

Divize rès manje yo nan ti pòsyon epi mete yo nan resipyan plat ki kouvri. Mete yo nan frizè oswa frijidè nan espas dezèdtan apre yo fin kuit (inèdtan si li fè pi wo ke **90°F** deyò a).



NETWAYE

Lave men w ak savon anvan ak apre manyen vyann kri, volay, ak fwidmè. Lave sifas kote ou travay yo, istansil, ak gri a anvan ak apre ou kuit manje.